



ENFÒMATIK AN KREYÒL

Yon gid konplè sou teknoloji ak enfòmasyon

14 Chapit | Edisyon Konplè

Plan Liv La

Chapit 1 — Kisa Enfòmatrik ye?

- › Definisyon
- › Istwa kout
- › Itilizasyon nan lavi

Chapit 2 — Konpozan Òdinatè yo (Hardware)

- › CPU, RAM, Disk di
- › Periferik yo

Chapit 3 — Lojisyèl (Software)

- › Sistèm operasyon
- › Lojisyèl aplikasyon
- › Gratis ak peye

Chapit 4 — Rezo Enfòmatrik

- › LAN ak WAN
- › Sèchè ak kliyan
- › Sekirite rezo

Chapit 5 — Entènèt ak Navigasyon

- › Istwa Entènèt
- › Navigatè yo
- › Rechèch sou Google

Chapit 6 — Adrès IP, MAC ak DNS

- › Kisa yo ye
- › Kijan yo mache ansanm

Chapit 7 — Imel ak Kominikasyon Dijital

- › Kreye imel
- › Voye/Resevwa
- › Sekirite

Chapit 8 — Sekirite Enfòmatrik

- › Modpas
- › Antiviris
- › Atak vityèl

Chapit 9 — Itilizasyon Enfòmatrik nan Travay

- › Biwo
- › Grafik
- › Kontablite

Chapit 10 — Enfòmatrik nan lavi chak jou

- › Bankaj dijital
- › Rezo sosyal
- › Acha sou entènèt

Chapit 11 — Entèlijans Atifisyèl (EA)

- › Kisa li ye
- › Egzanp
- › Avni EA

Chapit 12 — Antreprenarya Dijital

- › Vann sou entènèt
- › Maketing
- › Travay adistans

Chapit 13 — Pwogramasyon Debaz

- › Kisa kòd ye
- › Python ak HTML
- › Poukisa aprann

Chapit 14 — Avni Enfòmatic

- › Enfòmatic kantik
- › Metavès
- › Robotik

Chapit 1 – Kisa Enfòmatrik ye?

1.1 Definisyon

Enfòmatrik se syans ki okipe tretman enfòmasyon avèk èd òdinatè. Li gen rapò ak fason pou kolekte, òganize, estoke, trete ak pataje done pou fasilite lavi moun nan diferan domèn tankou edikasyon, medsin, komès, kominikasyon ak rechèch.

Li relye plizyè eleman ansanm: materyèl òdinatè (hardware), lojisyèl (software), rezo, ak itilizatè yo. Objektif li se rann travay yo pi vit, pi senp, ak pi efikas gras ak teknoloji.

Enfòmatrik soti nan de mo: **enfòmasyon** ak **otomatik**. Sa vle di se tout syans ki pèmèt moun sèvi ak òdinatè pou trete, estoke, analize epi pataje enfòmasyon de fason otomatik.

1.2 Istwa kout sou òdinatè

Premye òdinatè yo te parèt nan **ane 1940 yo**. Yo te gwo, lou, epi yo te itilize anpil elektrisite. Yo te sèvi sitou pou militè ak syantis.

Aprè anpil ane, òdinatè yo vin pi piti, pi rapid, epi pi fasil pou pote. Kounye a, nou gen òdinatè pòtatif (laptop), tablèt, ak menm telefòn entelijan ki gen kapasite pi fò pase òdinatè lontan yo.

1.3 Itilizasyon nan lavi chak jou

- Nan edikasyon: etidyan itilize òdinatè pou rechèch, aprann sou entènèt, epi travay pi rapid.
- Nan travay: biznis sèvi ak lojisyèl pou jesyon, kontablite, ak kominikasyon.
- Nan kominikasyon: mesaj imèl, WhatsApp, ak rezo sosyal.
- Nan amizman: gade fim, koute mizik, jwe jwèt videyo.
- Nan syans ak medsin: doktè itilize òdinatè pou analiz, rechèch ak operasyon.

1.4 Enpòtans Enfòmatrik

- Travay pi vit
- Jwenn enfòmasyon rapid
- Konekte ak moun ki lwen
- Devlope nouvo teknoloji